

**LEKÒL PIBLIK BOSTON**

**BWOUYON PLAN STRATEJIK 2020-2025**

**POU**

**PREZANTASYON DEVAN KOMITE SKOLÈ LEKÒL PIBLIK BOSTON AN**

**15 JANVYE, 2020**

## ENTWODIKSYON

Imajine yon distri lekòl kote ke tout timoun genyen opòtinite pou yo reyalize rèv yo. Yon distri kote chak lekòl, nan chak katye, nan chak pati vil la byen ekipe pou yo ede chak elèv libere potansyèl yo, san limit.

Imajine dirijan fiti Boston yo ki chita nan yon sal de klas nan Boston nan moman sa a. Epi, imajine nou genyen konfyans absoli ke y ap diplome nan lekòl nou yo byen prepare : prepare pou yo pousuiv rèv yo, prepare pou yo reyisi, prepare pou yo dirije, epi prepare pou yon lavni k ap prale mande yo leve difi ke nou pa menm kapab imajine jodi a.

Imajine ke sa se Lekòl Piblik Boston.

Lekòl Piblik Boston (BPS) genyen yon tradisyon ak angajman ki long e rich nan zafè edikasyon antanke zòn kote sistèm edikasyon piblik Etazini a te pran nesans. BPS se yon lidè nan edikasyon iben (edikasyon nan vil). Kèk nan akonplisman ki distenge BPS se : pwogram ak inisyativ ki genyen renome nan tout peyi a tankou lekòl matènèl inivèsèl (pou tout moun), edikasyon pou timoun piti, yon fòmil ekkitab pou finansye zafè lekòl, ak regleman ki konsantre prezizeman sou kreyasyon pi gran ekite rasyal.

Malgre istwa rich sa a, genyen yon enpasyans k ap devlope pou abòde kèk obstak sistematik (nan sistèm nan) ki la lontan ki anpeche kapasite elèv yo pou yo atenn tout potansyèl yo. Majistra a, Komite Skolè a, Sipèentandan an, manm pèsonèl yo ak komimote a kolektivman devwe pou yo pran kèk mezi brav ki va fè vanse meyè espwa ak aspirasyon nou genyen pou elèv nou yo.

Definisyon nou genyen pou « ekite edikasyonèl » se yon definisyon ki klè. Nan BPS, chak elèv nan chak klas genyen dwa pou l resevwa yon edikasyon bonjan kalite, ekkitab, e siperyè. Chak elèv dwe genyen menm aksè a tout zouti ki egziste, san anpechman, pou yo kapab delòk tout bon bagay yo genyen lakay yo. Pou sa rive, nou dwe elimine obstak striktirèl e enstitisyonèl ki baze sou ras, estati sosyoekonomik, ak lòt kondisyon sosyal. Sa mande yon devouman pou chanjman sistematik (chanjman nan sistèm nan) nan fason nou distribye fon yo, fason n founi aksè a enfòmasyon, fason n anseye, epi rann resous yo disponib pou reponn a bezwen elèv yo.

Nou dwe garanti ke n ap founi tout elèv avèk aksè a opòtinite pou yo aprann e devlope tout potansyèl yo. Plan sa a vize akselere efò n yo pou n ofri yon edikasyon ekselan, ekkitab, e ki byen apwopriye pou tout moun.

## SE KÒMAN NOU TE KREYE PLAN SA A ?

Elèv yo, fanmi yo, manm pèsònèl yo ak manm kominote a te sèvi kòm enspirasyon nou ak kolaboratè nou. Nan kat mwa ki sot pase yo, Sipèentandan an ak pèsònèl distri a te menen yon pwosesis patisipasyon kominotè manch long pou jwenn kèk dizon ak ide pami anpil moun ki genyen enterè nan plan an. Sipèentandan an te vizite chak lekòl BPS pou l rasanble kèk enfòmasyon sou bilding lekòl nou yo epitou kolekte kèk kòmantè elèv yo, pwofesè yo ak manm pèsònèl yo sou bezwen kominote skolè yo. Epitou, plan an tire kichòy sot nan anpil resous, pami yo : Regleman ak Gwoup Travay biwo Rediksyon Mankman nan Opòtinite a, Gwoup Travay Elèv k ap Aprann Angle yo, Gwoup Travay Lekòl Segondè 2018-2019 yo, Rapò 2018 EY-Parthenon nan, plan stratejik 2014 Komite Skolè Boston an, ak plizyè lòt resous ankò (gade Apandis la pou yon lis ki pi long).

*125 vizit lekòl nan 135 bilding lekòl*

*102 reyinyon avèk kominote yo ak moun ki genyen enterè nan elèv yo*

*Pran kòmantè/dizon nan men plis pase 2.100 manm kominote Boston an*

## KI PWEN MOUN KI GENYEN ENTERÈ NAN EDIKASYON ELÈV YO TE SOULVE PI SOUVAN ?

- Bilding lekòl ki modènize ki genyen jimnazyòm, bibliyotèk, kafeterya, sant pou bèl atizay, ak sistèm chofaj, vantilasyon, ak klimatizè
- Finans jis e ekita pou tout lekòl
- Pakou klè e previzib (ke moun kapab detèmine)
- Transpòtasyon ki fyab e aksesib ak operasyon efikas
- Manm pèsònèl ki sousye pou elèv yo e ki konpetan, ki reflekte elèv nou yo
- Pwogram etid ki djanm e ki kore kilti elèv yo
- Meyè pwogramasyon ak ogmantasyon nan opòtinite edikasyon bileng/miltileng (plizyè lang) pou Elèv k ap Aprann Angle yo
- Meyè pwogramasyon ak opòtinite ki enkli elèv ki genyen andikap yo (ki enklisif)
- Devlopman sosyal-emosyonèl, ansèyman ki pran zafè chòk (“trauma”) an konsiderasyon ak sipò pou sante mantal
- Aksè a yon pwogramasyon okonplè, ki genyen ladan l : atizay, edikasyon spòtif, spò, ak leson patikilye pandan jounen lekòl la ak andeyò jounen lekòl la
- Aksè a teknoloji pou tout elèv

## PAKOU POU YON MEYÈ BPS

**Misyon** : Pou chak elèv nan chak klas nan chak lekòl resevwa sa yo bezwen.

**Vizyon** : Yon distri lekòl ki premye nan peyi a, ki santre sou elèv yo, k ap founi yon edikasyon okonplè, ekkitab, e ekselan, ki prepare elèv yo pou siksè nan inivèsite (college), nan karyè yo, ak nan lavi a.

**Valè** : Joy (Jwa/Lajwa) Unity (Inite) Inclusion (Enklizyon) Collaboration (Kolaborasyon) Equity (Ekite)

**Teyori Aksyon** : *Si* nou bay chak elèv sa yo bezwen, si nou genyen konfyans ak patenarya fanmi yo, manm kominote yo ak moun ki enterese yo, atravè vrè patisipasyon ak yon lidèchip ki pataje, si nou bay elèv yo ak fanmi yo sèvis ekselan, epi bay edikatè yo ak manm pèsònèl yo fòmasyon pwofesyonèl ak atant ki klè...

**Ebyen** n ap devni yon distri k ap bay rannman siperyè, k ap premye nan peyi a, k ap redui mankman nan edikasyon elèv yo epi k ap bay chak elèv yon ale miyò nan lavi a.

## ANGAJMAN NOU AK PRIYORITE NOU (YON REZIME)

- 1. ELIMINE MANKMAN NAN OPÒTINITE AK AKONPLISMAN : Rezilta ekita e ekselan pou elèv yo**
  - Finansye lekòl nou yo nan yon fason ki ekita pou asire pwogram lekòl ki djanm ansanm ak sipò sosyal emosyonèl pou bay chak elèv sa yo bezwen
  - Anboche e mentni yon mendèv ki reflekte divèsite rasyal, etnik, e lengwistik elèv ak fanmi nou sèvi yo
  - Fòm kèk manm pèsònèl ki kapab verifye pwogram etid yo pou wè si yo genyen patipri kiltirèl ak si yo anrapò ak elèv la, pou yo wè si pwogram etid yo apwopriye kiltirèlman pou nouvo acha k ap fèt, ak pou asire ke nouvo acha k ap fèt pou etid yo satisfè atant yo
  - Mete lwa LOOK Act la sou pye pou elaji pwogram ki vanse devan aspè bileng/miltileng yo, pami yo : pwogram bileng, doub lang, ak pwogram eritaj kiltirèl
  - Kore lekòl yo nan fason nou mete sou pye pratik ki kore elèv yo kiltirèlman e lengwistikman ansanm ak Etid Etnik, atravè devlopman pwofesyonèl ki konsantre sou edikatè k ap travay nan sal de klas yo dabò epi ki konsantre sou ede lòt manm pèsònèl yo atenn tout potansyèl sosyal emosyonèl yo ansanm ak potansyèl yo nan zafè lekòl
  - Lekòl yo ap genyen objektif pou mete sou pye kèk strateji pou elimine mankman nan opòtinite ak akonplisman (espesyalman pou Elèv k ap Aprann Angle [EL] ak elèv ki genyen andikap), epi biwo santral la ap responsab e l ap rann kont pou l suiv pwogrè e founi sipò
- 2. APRANTISAJ AKSELERE : Bonjan kalite lekòl ak klas nan tout distri a ki ranpli ak kè kontan**
  - Re-kreye (pase men sou) lekòl segondè yo pou yo kapab prepare elèv yo pou inivèsite, pou karyè yo, ak lòt opòtinite kou avanse, ak preparasyon pou karyè, an konsè avèk pwogram MassCore la.
  - N ap fòm edikatè yo pou yo bay bonjan kalite opòtinite ki enkli tout elèv yo, pou asire ke elèv andikape yo resevwa sèvis nan anviwònman edikasyon jeneral la, toutotan sa posib
  - Founi aksè a yon pwogram solid k ap kore elèv yo kilitrèman e lengwistikman ansanm ak ansèyman ki genyen ladan yo opòtinite nan atizay, syans, alfabetizasyon, edikasyon spòtif, sante, ak sivik, aksè nan pwogram spòtif ak teknoloji, epi ki entegre byenèt elèv yo nan tout eksperyans edikatif yo
  - Mete sou pye lekòl matènèl inivèsèl (pou tout moun) atravè yon modèl melanje n ap founi, k ap asire kalite siperyè
  - Mete sou pye atant elemantè ki solid e konstan, ansanm ak pwogram etid ki prepare elèv yo pou lekòl segondè, pami yo : pwogramasyon solid nan syans ak matematik
- 3. TANDE VWA TOUT MOUN : Desizyon pataje, konrandi resipwòk, ak patenarya**
  - Jwenn patisipasyon dizon ak lidèchip jenès la nan desizyon k ap fèt yo nan fason n ap itilize BSAC ak fason n ap kreye kèk opòtinite anplis, pami yo : Kabine (Konsèy) Jenès Sipèentandan an
  - Akeyi e valorize fanmi yo ak elèv yo nan lekòl nou yo, enkli yo kòm patnè nan desizyon ak jesyon k ap fèt nan lekòl yo
  - Ogmante sistèm kòmantè yo/dizon yo pou fanmi yo ak biwo santral la nan fason nou pwograme reyinyon rejyonal yo regilyeman ak reyinyon biwo santral la annapre
  - Rann chak lekòl yon espas ki an sekirite pou chak elèv, epi n ap ofri sipò ak pwoteksyon nesèsè pou elèv yo aprann, grandi, e pwospere
  - Jwenn patisipasyon elèv yo nan desizyon k ap fèt yo, alè e nan yon fason transparan
- 4. ELAJI OPÒTINITE : Finans jis e ekita ak anviwònman ki akeyi tout moun**
  - Finansye lekòl yo nan yon fason ki reponn a bezwen patikilye elèv yo sèvi yo, nan konsiderasyon n ap bay a Elèv k ap Aprann Angle (EL), elèv ki genyen andikap, elèv ki pa genyen twòp mwayen ekonomik, elèv ki an danje pou yo abandone etid yo, ak lòt gwoup ki majinalize (eskli nan sosyete a)
  - Amelyore fòmil pou finans epi kreye mekanis pou asire distribisyon ekita resous ki te kreye atravè kolèk fon, patenarya, ak sibvansyon
  - Kenbe yon estanda òganizasyonèl efikas e ekselan pou asire ke n ap reponn a bezwen elèv yo
  - Fè ase pwogrè nan BuildBPS pou kreye espas pou aprantisaj ki ekita, ki an sekirite e ki ankadre elèv yo pou 21yèm syèk la, epi ki asire pakou ekita sèten ansanm ak koneksyon ant lekòl yo.

- Asire ke chak lekòl ak depatman BPS va kolabore ak fanmi yo, patnè lokal ki met aksan sou sèvi jèn yo ak fanmi yo, ansanm ak ajans sèvis ki pou asire ke fanmi yo genyen konesans ak aksè a resous nesèsè pou kore kwasans elèv yo, ni nan klas yo, ni andeyò klas yo
- 5. KILTIVE KONFYANS : Manm pèsònèl konpetan e konpatisan, ki reflete elèv nou yo epi ki met aksan sou sèvi yo**
- Nan chak nivo anboche, kore, et mentni yon mendèv ki reflete kilti ak lang divès elèv nou yo
  - Striktire biwo santral la epi fè l responsab pou l kapab sèvi e sipòte lekòl yo ak moun ki enterese yo pi byen, atravè yon apwòch sèvis kliyantèl (kouwè se yon sèvis n ap founi bay kliyan)
  - Kore dirijan lekòl e fè yo responsab pou kreyasyon kominote skolè ki kab bay rannman siperyè ki enklisif, ki kore kilti ak lang elèv yo
  - Fè BPS yon plas kote ke edikatè yo ak manm pèsònèl yo v/e rete anboche kòm anplwaye paske yo konsantre sou sèvis y ap rann elèv nou yo, epi yo santi yo genyen valè e jwenn sipò nan travay y ap fè yo
  - Reòganize operasyon biwo santral la pou asire meyè kalite sèvis bay fanmi yo, pami yo : enskripsyon pou lekòl, transpòtasyon, sèvis manje ak nitrisyon, ak sekirite.

## ANGAJMAN NOU YO AK INISYATIV STRATEJIK NOU YO

### 1. ELIMINE MANKMAN NAN OPÒTINITE AK AKONPLISMAN :

*Rannman Ekitab e Ekselan pami Elèv yo*

Chak elèv - kèlkeswa ras yo, etnisite yo, sèks yo, andikap yo, oryantasyon seksyèl yo, relijyon yo, estati sitwayènte yo, estati sosyoekonomik yo, oswa kòd postal yo - merite yon edikasyon ekselan, ki apwopriye pou kilti yo ak kèk opòtinite pou ede yo atenn tout potansyèl yo. BPS sèvi elèv ki genyen anpil talan ki genyen kèk anpechman sosyal, sistématik k ap afekte yo, ansanm ak rasis, ni anndan ni deyò lekòl. Prèske 30.000 elèv BPS (plis pase 50 pousan popilasyon elèv nou an) genyen yon bezwen presi antanke Elèv k ap Aprann Anglè ak/oswa elèv ki genyen andikap, ak/oswa ki pa genyen twòp mwayen ekonomik. Elèv Nwa ak elèv Latino konpoze 76 pousan enskripsyon BPS. Istorikman, gason Nwa ak gason Latino yo, Elèv k ap Aprann Angle ak elèv ki genyen andikap eksli pou yo pa genyen aksè nan pwogram etid ak anviwònman edikasyon jeneral enklisif ki pi solid nan yon pwopòsyon ki demezire (ki pa egal ego). N ap pral pran kèk mezi ekspres e eksplisit pou elimine mankman nan opòtinite ak nan akonplisman pou elèv sila nou yo ki san defans nan sosyete a.

### PRIYORITE

- Finansye lekòl nou yo nan yon fason ki ekitab pou asire pwogram lekòl ki djanm ansanm ak sipò sosyal emosyonèl pou bay chak elèv sa yo bezwen
- Anboche e mentni yon mendèv ki reflekte divèsite rasyal, etnik, e lengwistik elèv ak fanmi nou sèvi yo
- Fòmè kèk manm pèsònèl ki kapab verifye pwogram etid yo pou wè si yo genyen patipri kiltirèl ak si yo anrapò ak elèv la, pou yo wè si pwogram etid yo apwopriye kiltirèlman pou nouvo acha k ap fèt, ak pou asire ke nouvo acha k ap fèt pou etid yo satisfè atant yo
- Mete lwa LOOK Act la sou pye pou elaji pwogram ki vanse devan aspè bileng/miltileng yo, pami yo : pwogram bileng, doub lang, ak pwogram eritaj kiltirèl
- Kore lekòl yo nan fason nou mete sou pye pratik ki kore elèv yo kiltirèlman e lengwistikman ansanm ak Etid Etnik, atravè devlopman pwofesyonèl ki konsantre sou edikatè k ap travay nan sal de klas yo dabò epi ki konsantre sou ede lòt manm pèsònèl yo atenn tout potansyèl sosyal emosyonèl yo ansanm ak potansyèl yo nan zafè lekòl
- Lekòl yo ap genyen objektif pou mete sou pye kèk strateji pou elimine mankman nan opòtinite ak akonplisman (espesyalman pou Elèv k ap Aprann Angle [EL] ak elèv ki genyen andikap), epi biwo santral la ap responsab e l ap rann kont pou l suiv pwogrè e founi sipò

### OBJEKTIF POU ANKRE : Elèv BPS ki diplome yo ap tou prepare pou siksè nan inivèsite, nan karyè yo, ak nan lavi a.

*Mezi pwogrè aliye : (Mezi yo klase apa selon EL [Elèv k ap Aprann Angle], SWD [Elèv ki Genyen Andikap], selon ras, dezavantaj ekonomik, ak lòt gwoup)*

<i>Alfabetizasyon bonè</i>	Pousantaj elèv klas K2 ki Satisfè/Depase atant yo sou nivo klas yo nan Konsyans Fonolojik (Konesans Fenolojik) oswa Abilite Lektif Fondamantal nan Lektif "MAP"
<i>Pwomosyon sou nivo klas elèv yo</i>	Pousantaj elèv ki pase al nan pwochèn klas yo
<i>Diplomasyon/Gradyasyon</i>	Pousantaj elèv ki diplome nan 4 an avèk yon diplòm lekòl segondè
<i>Konpetans nan ELA</i>	Nòt mwayèn ELA (gramè/literati angle) sou echèl
<i>Konpetans nan matematik</i>	Nòt mwayèn matematik sou echèl
<i>Konpetans nan syans</i>	Nòt mwayèn (klas 5yèm ak 8yèm ane) ak CPI mwayèn (lekòl segondè) sou echèl
<i>Pwogrè EL (Elèv k ap</i>	Mwayèn Santil Kwasans Elèv yo nan egzamen "Access" ELL la

*Aprann Angle)*

*Absans kwonik (k ap fèt souvan)*

Pousantaj elèv k ap pede absan

## 2. AKSELERE APRANTISAJ :

*Bonjan kalite lekòl ak klas nan tout distri a ki ranpli ak kè kontan*

Tout lekòl nou yo dwe anviwònman aprantisaj ki ranpli ak kè kontan ki itilize tout richès ki egziste nan chak kominote. BPS genyen yon definisyon pratik mo “kalite” a, jan sa eksprime nan Estrikti Kalite Lekòl la (“School Quality Framework” - SQF). Sepandan, nan travay nou fè avèk kominote yo ak atravè sesyon chita tande nou yo, nou konnen ke aspirasyon n yo pou kalite se pa bagay ke anpil nan kilti n yo, katye n yo, ak kominote vil nou yo eksperimente, ni l pa disponib pou yo. Nou kwè ke bonjan kalite lekòl dwe genyen kèk eleman kle ladan yo ki reponn a bezwen timoun yo nan, nan tout aspè, pami yo : edikasyon sante ak edikasyon spòtif, pwogramasyon atizay, ak devlopman abilite sosyal-emosyonèl. N ap pral transfòme fason nou finansye, sipòte, e ofri pwogram bay lekòl nou yo nan yon fason ki etabli kèk estanda kalite ki konstan, ki tilize richès patikilye kominote yo, epi ki reponn a bezwen chak elèv.

### PRIYORITE

- Re-kreye (pase men sou) lekòl segondè yo pou yo kapab prepare elèv yo pou inivèsite, pou karyè yo, ak lòt opòtinite kou avanse, ak preparasyon pou karyè, an konsè avèk pwogram MassCore la.
- N ap fòme edikatè yo pou yo bay bonjan kalite opòtinite ki enkli tout elèv yo, pou asire ke elèv andikape yo resevwa sèvis nan anviwònman edikasyon jeneral la, toutotan sa posib
- Founi aksè a yon pwogram solid k ap kore elèv yo kilitrèman e lengwistikman ansanm ak ansèyman ki genyen ladan yo opòtinite nan atizay, syans, alfabetizasyon, edikasyon spòtif, sante, ak sivik, aksè nan pwogram spòtif ak teknoloji, epi ki entegre byenèt elèv yo nan tout eksperyans edikatif yo
- Mete sou pye lekòl matènèl inivèsèl (pou tout moun) atravè yon modèl melanje n ap founi, k ap asire kalite siperyè
- Mete sou pye atant elementè ki solid e konstan, ansanm ak pwogram etid ki prepare elèv yo pou lekòl segondè, pami yo : pwogramasyon solid nan syans ak matematik

### OBJEKTIF POU ANKRE : Lekòl BPS yo va montre kwasans solid nan ELA (gramè/literati angle) ak Matematik

*Mezi pwogrè aliye : (Mezi yo klase apa selon EL [Elèv k ap Aprann Angle], SWD [Elèv ki Genyen Andikap], selon ras, dezavantaj ekonomik, ak lòt gwoup)*

*Kwasans nan ELA (gramè/literati angle)*

Mwayèn santil kwasans elèv yo (SGP) nan ELA (gramè/literati angle) nan tout klas

*Kwasans nan matematik*

Mwayèn santil kwasans elèv yo (SGP) nan matematik nan tout klas

*Patisipasyon nan aljèb*

Pousantaj elèv ki enskri nan Aljèb I pou klas 8yèm ane

*Kalite lekòl*

Kantite lekòl ki klase nan klasman 1 ak 2 nan tout distri a selon Estrikti Kalite Lekòl la (SQF)

*Kou avanse*

Pousantaj elèv klas 11yèm ak 12yèm ane ki pase omwen yon kou avanse

*Enklizyon*

Pousantaj elèv nan klas K0 jiska klas 12yèm ane ki genyen andikap ki nan enklizyon swa



konplètman oswa an pati

### 3. TANDE VWA TOUT MOUN :

*Desizyon pataje, kontrandi resipwòk, ak patenarya*

Elèv, fanmi, ak kominote se patnè entegral nan tout desizyon k ap fèt nan sèvis sosyal-emosyonèl ak devlopman akademik elèv yo. Paran ak responsab k ap bay timoun yo swen sèvi kòm premye anseyan yo, e yo pote konesans kritik ke lekòl yo bezwen pou yo kapab kreye eksperyans aprantisaj ki apwopriye e ki kore kilti elèv yo. Kominote nou an, patnè òganizasyon sila nou yo ki ede nou san pwofi, patnè relijye n yo, patnè ansèyman siperyè n yo, patnè filantwopik nou yo, patnè antepriz nou yo, ak patnè vil la k ap sèvi jèn nou yo ak fanmi yo, esansyèl nan devlopman sosyal, emosyonèl e mantal yo. Chak lekòl ak biwo santral va angaje e enkòpore vwa elèv yo, fanmi yo, ak kominote yo nan yon fason aktif, epi kolabore nan yon fason stratejik avèk patnè yo, epi itilize yo pou asire elèv yo ak lekòl yo bay bon ranman solid.

#### PRIYORITE

- Jwenn patisipasyon dizon ak lidèchip jenès la nan desizyon k ap fèt yo nan fason n ap itilize BSAC ak fason n ap kreye kèk opòtinite aplis, pami yo : Kabine (Konsèy) Jenès Sipèentandan an
- Akeyi e valorize fanmi yo ak elèv yo nan lekòl nou yo, enkli yo kòm patnè nan desizyon ak jesyon k ap fèt nan lekòl yo
- Ogmante sistèm kòmantè yo/dizon yo pou fanmi yo ak biwo santral la nan fason nou pwograme reyinyon reyjonal yo regilyeman ak reyinyon biwo santral la annapre
- Rann chak lekòl yon espas ki an sekirite pou chak elèv, epi n ap ofri sipò ak pwoteksyon nesèsè pou elèv yo aprann, grandi, e pwospere
- Jwenn patisipasyon elèv yo nan desizyon k ap fèt yo, alè e nan yon fason transparan

#### OBJEKTIF POU ANKRE : Lekòl BPS yo va mete sou pye eleman ki fondamantal pou patisipasyon fanmi yo

*Mezi pwogrè aliye : (Mezi yo klase apa selon EL [Elèv k ap Aprann Angle], SWD [Elèv ki Genyen Andikap], selon ras, dezavantaj ekonomik, ak lòt gwoup)*

*Patisipasyon fanmi*

Nòt Endis Mwayèn sou Patisipasyon Fanmi

*Pèsepsyon paran yo genyen sou klima lekòl la*

Nòt mwayèn sou echèl chwazi (gwoup bagay ki anrapò youn ak lòt) sot nan sondaj paran yo sou klima ki anrapò ak pèsepsyon sou kalite ak kilti lekòl yo

*Pèsepsyon elèv yo sou klima lekòl la*

Nòt mwayèn sou echèl chwazi (gwoup bagay ki anrapò youn ak lòt) sot nan sondaj elèv yo sou klima ki anrapò ak pèsepsyon kalite ak kilti lekòl yo.

*Chwa lekòl*

Pousantaj fanmi ki resevwa omwen youn nan twa chwa prefere yo nan pwosesis deziyasyon Chwa Lekòl ki Baze sou Adrès elèv yo, pou klas jadendanfan K1 oswa K2

*Sispansyon*

Pousantaj elèv nou te sispann al lekòl yon fwa oswa plis pase sa pandan yon ane skolè kèlkonk.

DRAFT

#### 4. ELAJI OPÒTINITE :

*Finans jis e ekitab ak anviwònman ki akeyi tout moun*

Asire ke lekòl nou yo resevwa finans jis e ekitab ak envestisman ki va founi elèv yo ak plis aksè a opòtinite aprantisaj ki solid e ki anrichi edikasyon yo. Fason lekòl yo jwenn resous yo afekte ranman elèv yo anpil. Chak kominote ak katye genyen bezwen diferan, ki mande yon apwòch patikilye pou reponn a bezwen sila yo. Resous yo ap distribye nan yon fason ekitab e transparan selon bezwen patikilye chak lekòl, kominote, ak katye. N ap pral transfòme bidjè nou ak enstalasyon nou yo nan yon fason stratejik, ekitab, e responsab pou asire aksè a bonjan kalite edikasyon nan anviwònman aprantisaj kreye pou 21yèm syèk la.

#### PRIYORITE

- Finansye lekòl yo nan yon fason ki reponn a bezwen patikilye elèv yo sèvi yo, nan konsiderasyon n ap bay a Elèv k ap Aprann Angle (EL), elèv ki genyen andikap, elèv ki pa genyen twòp mwayen ekonomik, elèv ki an danje pou yo abandone etid yo, ak lòt gwoup ki majinalize (eskli nan sosyete a)
- Amelyore fòmil pou finans epi kreye mekanis pou asire distribisyon ekitab resous ki te kreye atravè kolèk fon, patenarya, ak sibvansyon
- Kenbe yon estanda òganizasyonèl efikas e ekselan pou asire ke n ap reponn a bezwen elèv yo
- Fè ase pwogrè nan BuildBPS pou kreye espas pou aprantisaj ki ekitab, ki an sekirite e ki ankadre elèv yo pou 21yèm syèk la, epi ki asire pakou ekitab sèten ansanm ak koneksyon ant lekòl yo.
- Asire ke chak lekòl ak depatman BPS va kolabore ak fanmi yo, patnè lokal ki met aksan sou sèvi jèn yo ak fanmi yo, ansanm ak ajans sèvis ki pou asire ke fanmi yo genyen konesans ak aksè a resous nesèsè pou kore kwasans elèv yo, ni nan klas yo, ni an deyò klas yo.

#### OBJEKTIF POU ANKRE : Lekòl BPS yo va finansye lekòl yo pou reponn a bezwen patikilye elèv yo sèvi yo

*Mezi pwogrè aliye : (Mezi yo klase apa selon EL [Elèv k ap Aprann Angle], SWD [Elèv ki Genyen Andikap], selon ras, dezavantaj ekonomik, ak lòt gwoup)*

<i>Endis pou enstalasyon yo</i>	Nòt mwayèn nan endis kondisyon enstalasyon yo
<i>Distribisyon bidjè</i>	Pousantaj dola ki distribye atravè bidjè lekòl yo
<i>Sipò akademik fondamantal</i>	Pwopòsyon elèv parapò a manm pèsònèl, ki aliye avèk gidans pou reponn a bezwen akademik tout elèv
<i>Sipò sosyal emosyonèl</i>	Pwopòsyon sipò sosyal emosyonèl elèv yo resevwa
<i>Patisipasyon fanmi</i>	Prezans manm pèsònèl "patisipasyon paran ak fanmi" ki reflekte kominote yo sèvi yo
<i>Lidèchip nan ansèyman</i>	Pwopòsyon lidèchip ansèyman parapò a manm pèsònèl ansèyman

## 5. KILTIVE KONFYANS :

*Manm pèsònèl ki konpatisan e konpetan, ki reflete elèv nou yo, epi ki konsantre sou sèvi yo*

Chak elèv merite genyen edikatè ak manm pèsònèl pwofesyonèl ki konpatisan e konpetan pou ede yo atenn tout potansyèl yo. Rechèch toujou ap pwouve ke edikatè efikas yo rann elèv yo genyen meyè rezilta. Distri a va kontinye rekrute, kenbe e devlope talan ki konpetan e divès nan aspè kiltirèl, epi ki manifeste abilte ak konesans nesèsè pou sèvi gwoup elèv divès nou an nan yon fason efikas. Mendèv nou an divès, li genyen talan, e li byen fòme, e l ap bay tout patisipasyon l, l ap bay bon rannman, epi l ap genyen renome pou sousi esepasyonèl li genyen anvè elèv nou yo ak fanmi n yo. N ap pral transfòme biwo santral la nan fason n ap pral afèmi strikti òganizasyonèl la ki kore travay lekòl yo, nan yon fason ki kolaboratif e ki fasil pou moun navige. N ap pral investi nan fòmasyon manm pèsònèl yo pou kreye yon kilti sèvis konpetan e akeyan parapò a kilti elèv yo, fanmi yo, ak kominote yo. N ap pral pousuiv ekselans operasyonèl avèk siksè nan fason nou va idantifye defi n genyen nan rannman yo, ak fason nou va mete sou pye kèk solisyon ki va abòde tout sa ki pa efektif ni efikas. Lòske nou trete sijè sa yo, sa va ede nou re-etabli konfyans ant nou menm ak elèv yo, fanmi yo, edikatè yo, dirijan yo, ak moun nan kominote a ki enterese nan lekòl yo.

### PRIYORITE

- Nan chak nivo anboche, kore, et mentni yon mendèv ki reflete kilti ak lang divès elèv nou yo
- Striktire biwo santral la epi fè l responsab pou l kapab sèvi e sipòte lekòl yo ak moun ki enterese yo pi byen, atravè yon apwòch sèvis kliyantèl (kouwè se yon sèvis n ap founi bay kliyan)
- Kore dirijan lekòl e fè yo responsab pou kreyasyon kominote skolè ki kab bay rannman siperyè ki enklisif, ki kore kilti ak lang elèv yo
- Fè BPS yon plas kote ke edikatè yo ak manm pèsònèl yo v/e rete anboche kòm anplwaye paske yo konsantre sou sèvis y ap rann elèv nou yo, epi yo santi yo genyen valè e jwenn sipò nan travay y ap fè yo
- Reòganize operasyon biwo santral la pou asire meyè kalite sèvis bay fanmi yo, pami yo : enskripsyon pou lekòl, transpòtasyon, sèvis manje ak nitrisyon, ak sekirite.

### OBJEKTIF POU ANKRE : Manm pèsònèl lekòl ak biwo santral BPS yo va reflete elèv nou sèvi yo

*Mezi pwogrè aliye : (Mezi yo klase apa selon EL [Elèv k ap Aprann Angle], SWD [Elèv ki Genyen Andikap], selon ras, dezavantaj ekonomik, ak lòt gwoup)*

<i>Divèsite pami pwofesè yo</i>	Nòt endis mwayèn egalite pwofesè/elèv
<i>Pèsepsyon pwofesè yo sou klima lekòl yo</i>	Nòt mwayèn nan kèk echèl chwazi (gwoup bagay ki anrapò youn ak lòt) ki sot nan sondaj pwofesè yo sou klima lekòl yo, ki anrapò ak pèsepsyon yo sou kalite ak kilti lekòl yo
<i>Pèsepsyon elèv yo sou kalite pwofesè yo</i>	Pousantaj pwofesè nan tout distri a elèv yo klase kòm pwofesè efikas oswa trè efikas nan sondaj klima BPS fè chak ane a